



Pou Piblikasyon Imedya: 22/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO KONTRA ALCOA POWER KI SIPÒTE 500 ANPLWA AK ENVESTISMAN ALONTÈM NAN NORTH COUNTRY

Kontra siyen avèk Otorite Enèji Nouyòk la pou enèji idwoelektrik nan pri abòdab gen ladan angajman fabrikan aliminyòm lan pou 30 milyon dola nan investisman kapital

Eta Nouyòk ap bay Alcoa tou 6.2 milyon dola ankourajman pou rekonstriksyon ak modènizasyon yon pòsyon nan izin Massena a ki prèske vo 60 milyon dola

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo kontra pou apwovizyonman an elektrisite ant Otorite Enèji Nouyòk (New York Power Authority, NYPA) la ak Alcoa, yon gwo pwodiktè aliminyòm prensipal ak youn nan pi gwo anplwayè nan North Country. Kontra a gen ladan yon angajman 30 milyon dola nan investisman kapital epi li sipòte 500 djòb nan Izin Massena Alcoa a pandan 10 pwochen ane yo. Anplis kontra a, Alcoa ap investi prèske 60 milyon dola jiska 2028 pou rebati ak modènize yon pòsyon nan izin lan. Investisman sa a te vin posib grasa nouvo kontra enèji a ansanm ak yon sibvansyon kapital 5.2 milyon dola ak 1 milyon dola nan kredi fiskal atravè Pwogram Travay Eksèlsyò (Excelsior Jobs Program) ki soti nan men Empire State Development (ESD). Amelyorasyon sa a pral pèmèt estabilite pwosesis la ak efikasite operasyonèl.

"Lè l garanti travay ki byen peye epi ankouraje investisman, akò sa a asire Alcoa ap kontinye gen yon gwo prezans nan Massena pandan l ap sipòte fanmi ak kominote Nouyòk yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Endistri fabrikasyon aliminyòm nan te jwe yon wòl enpòtan nan devlopman ekonomik nasyon an, epi etablisman Alcoa Nouyòk la te alatèt, li te kondwi kwasans ekonomik ak opòtinite nan North Country a."

Anons jodi a konsènan yon kontra siyen ant Alcoa ak Otorite Enèji a vini apre apwobasyon kondisyon final kontra a pa Konsèy Administrasyon Otorite Enèji a ak Gouvènè Hochul. Kontra a gen ladan l yon alokasyon 240 megawat (MW) elektrisite bon mache atravè pwogram Preservation Power (Prezèvasyon Enèji) li a bay Alcoa pou izin Massena li a nan konte St. Lawrence. Alokasyon enèji sa a pral sipòte operasyon Alcoa yo jiska 31 mas 2036, avèk opsyon pou de lòt pwolongasyon senk ane, ki depann de mentni yon minimòm 500 djòb ekivalan aplentan ak ogmantasyon investisman kapital. Alcoa te dakò tou pou investi yon minimòm 30 milyon dola nan operasyon izin lan sou yon peryòd dis ane. Si kondisyon mache a pèmèt, Alcoa ka pwolonje kontra a

pou dis ane anplis, sa ki ta ankouraje investisman kapital ki totalize 145 milyon dola sou yon peryòd 20 ane.

Detay kle nan kontra Alcoa a:

- **Kantite Alokasyon Enèji:** 240 MW enèji idwoelektrik NYPA nan pri abòdab pral disponib jiska 31 mas 2036.
- **Angajman pou anplwa:** Alcoa pral kenbe yon minimòm 500 djòb ekivalan apentan nan Izin Massena West li a, *yon ogmantasyon parapò ak angajman anvan an ki te 450 djòb.*
- **Investisman Kapital:** Dapre akò a, Alcoa pral investi omwen 3 milyon dola chak ane nan etablisman an, avèk yon investisman minimòm total nan 30 milyon dola pandan premye 10 ane a. Anplis, Alcoa ap gen opsyon pou pwolonje kontra a pou de lòt peryòd senk ane si li fè investisman 70 milyon dola anvan 2035 ak 60 milyon dola anplis anvan 2040.
- **Modènizasyon Izin:** Anplis kontra a, Alcoa ap investi prèske 60 milyon dola jiska 2028 pou rebati ak modènize founo anod Massena Operations lan, yon eleman kle nan pwosesis fizyon aliminyòm nan.

John R. Koelmel, ki se Prezidan Otorite Enèji Nouyòk la, te deklare, "Renouvèlman patenarya nou ak Alcoa ant Otorite Enèji Nouyòk la se yon temwayaj angajman nou pou nou ankouraje devlopman ekonomik atravè Nouyòk. Lè nou bay enèji idwoelektrik ki pa koute chè, n ap asire ke Alcoa rete konpetitif pou l ka kontinye operasyon li yo, investi nan enstalasyon li yo, epi kenbe travay ki sipòte fanmi yo nan North Country a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Nouyòk la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Alcoa te yon pati vital nan ekonomi North Country a pandan plis pase 120 ane. Avèk sipò Gouvènè Hochul, nouvo kontra sa a ak youn nan pi ansyen kliyan Otorite Enèji a garanti travay esansyèl ak investisman kapital enpòtan nan rejyon an. Nou fyè pou nou kontinye patenarya nou ak Alcoa epi pou nou sipòte kwasans ak investisman yo nan kominote a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Alcoa, William F. Oplinger, te deklare, "Nou fyè dèske nou fabrike aliminyòm nan Nouyòk ak nan Etazini. Enèji alontèm ak pri konpetitif pèmèt Alcoa kontinye ak investisman enpòtan sa a ki pral ede nou satisfè demand jodi a pandan n ap planifye pou demen. Nou trè kontan dèske nou te travay avèk NYPA ak ESD pou nou rive nan rezilta sa a pou Operasyon Massena nou yo, ki pral pote benefis ekonomik nan rejyon an epi soutni fabrikasyon Ameriken an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Avèk plis pase 100 ane istwa li nan Massena, Alcoa ak anplwaye li yo nan North Country te devlope teknoloji ak pwosesis ki te fòme mond modèn lan. Gras a sipò Gouvènè Hochul ak Eta Nouyòk la, Alcoa ap kontinye pwodui bon jan kalite aliminyòm pou endistri prensipal yo, pou sipòte kwasans ekonomik rejyonal la epi ankouraje inovasyon."

Majistra Vilaj Massena, Greg Paquin, te deklare, "Apwobasyon nouvo kontra sa a asire kwasans kontinyèl, kreyasyon djòb, ak envestisman nan Massena Operations Alcoa a. Apwobasyon Gouvènè Hochul la souliye fòs dirab patenarya Konte St. Lawrence ant Alcoa ak NYPA a."

Sipèvizè Vil Massena, Susan Bellor, te deklare, "Nouvo kontra Alcoa a ke Gouvènè Hochul te apwouve jodi a se yon bon nouvèl pou Konte St. Lawrence ak North Country. Fabrikasyon aliminyòm se fondasyon ekonomik rejyon sa a pandan plizyè jenerasyon, e nouvo kontra sa a siyale estabilite ekonomik kontinyèl pou plizyè ane k ap vini yo."

Prezidan Lejislati Konte St. Lawrence, David Forsythe, te deklare, "Akò sa a reprezante yon patenarya vital ant Alcoa ak Otorite Enèji Nouyòk la. Youn ki garanti 500 djòb ki byen peye, ki ankouraje envestisman kontinyèl nan rejyon nou an, epi ki asire ke kominote nou yo benefisye itilizasyon responsab resous idwoelektrik lokal nou yo."

Dispozisyon kontra a baze sou yon akò sèt ane ke NYPA te apwouve an 2019. Akò 2019 la te bay 240 MW enèji idwoelektrik St. Lawrence-FDR nan pri ki ba an echanj pou angajman Alcoa pou kenbe 450 djòb nan izin fizyon konpayi aliminyòm lan nan Massena.

Konpayi tankou Alcoa te jwe yon wòl esansyèl nan founi materyèl esansyèl pou plizyè endistri, tankou otomobil, ayewospasyal ak konstriksyon. Kontribisyon sektè sa a vital pou kwasans ak inovasyon nasyonal la. Alcoa se youn nan premye kliyan ki te resevwa elektrisite nan men Pwojè Enèji St. Lawrence-FDR Otorite Enèji a lè izin lan te kòmanse opere an 1958. Siyati kontra a make yon lòt etap enpòtan nan angajman Gouvènè Hochul pou ankouraje devlopman ekonomik ak retansyon djòb nan North Country a. Pwogram Preservation Power NYPA a itilize enèji idwoelektrik ki pa koute chè ki soti nan Pwojè Enèji St. Lawrence-FDR la pou sipòte biznis nan konte St. Lawrence, Franklin ak konte Jefferson. Alcoa te siyen kontra orijinal li a ak NYPA an jiyè 1955, plis pase twa zan anvan pwojè St. Lawrence-FDR la—premye santral elektrik Otorite Enèji a—te kòmanse pwodui elektrisite.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)